



Beauvais Mondestin

April 6, 2016

Beauvais Mondestin, ke anpil moun konnen sou non Boss Beau, Pè Bo, frè Beauvais, te pran nesans yon jou Madi ki te 17 Me nan lane 1932 nan Dosine, yon zòn nan Latibonit, Gonaives, Haiti. Pwofesyon li se te tayè, sa vle di gason ki koud pantalon ak chemiz. Manman l te rele Nereide Cambronne e papa l te rele Géléné Mondestin. Beauvais Mondestin te genyen 10 frè ak sè, e non yo se te: Sonson, Elise, Telson, Basitoir, Amisial, Blashmir, Antide, Stephen, Joseph Gaston, epi Danise Mondestin. Pami yo, 2 sèl ki rete vivan toujou se: Antide ak Stephen Mondestin. Nan lane 1980, Beauvais Mondestin te kite peyi Dayiti pou l vin viv nan peyi Etazini. Beauvais se te yon moun ki te travay di anpil pou l te ka pran swen fanmi l. Anplis de fanmi l, li te konn ede lòt moun anpil. Beauvais se te yon moun modèl, yon moun ke tout moun te apresye nan kominote a. Malgre laj li, yonn nan bagay li te toujou renmen, se lè moun di l li se l jènan, e l te jènan vre. E se nèg ki te lanmou espesyal pou fanm jòn. Anyen pa t jan m anpeche l yon jou pou l rann moun sèvis, pa egzansp: mennen moun al chèche travay san l mande w yon santim. Beauvais Mondestin se te yon moun ki te trè disiplin e si w pa an règ, li pap kanpe kote w. Li pase yon ti tan nan State Florida, apre sa li te vin viv nan State Delaware. Yonn nan kote li pase plis tan ap travay se te Perdue Farms nan Georgetown, DE pandan 17 an. Finalman, nou kapab di ke Beauvais te gen anpil enpòtans pou nou e non li ap rete grave nan memwa chak zanmi ak manm nan fanmi li. Jou ki te 6 Avril, 2016 la, vè 5:00 nan aprèmidi, apre li te fin bay anpil blag ak Beauvil, pitit ki te pi bon zanmi l lan, Bondye te mande l sak pa t pou li a: ti souf la. Li pa t gen chwa paske sa se te yon vyawaj oblije. Nan vwayaj sa a, li pati kite 8 pitit ki se: Michel, Pierre-Louis, Beauvil, Verlande, Anèse, Yolème, Lavila ak Genise Mondestin. Li pati kite tou, 36 pitit pitit. Gen nan yo ki te gentan konnen l, konsa tou genyen ki pat gentan konnen l.

To send flowers to the family or plant a tree in memory of Beauvais Mondestin, please visit our [Heartfelt Sympathies Store](#).